



THE SCHOOL DISTRICT OF
PALM BEACH COUNTY, FL

EDDIE RUIZ, Ed.D.
Assistant Superintendent

DAVID W. CHRISTIANSEN, Ed.D.
Deputy Superintendent/Chief of Schools

STUDENT SERVICES, EQUITY
& ACCESS (SSEA)

3300 Forest Hill Blvd., C-201
West Palm Beach, FL 33406
Phone: 561-649-6855
Fax: 561-357-1112

<https://www.palmbeachschools.org/ssea/>

31 janvye 2018


Chè Paran/Responsab:

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ap enfòm ou sou tandans kwasant e-sigarèt elèv lekòl mwayen ak segondè ap itilize. Sigarèt elektwonik yo rele tou e-sigarèt, *e-sigs*, *vapes* (aspiratè), ak plim *hookah*, se yon sistèm ki fèt pou imite degajman lafimen ki soti nan yon sigarèt. Pwodi sa yo itilize yon likid ki kapab genyen nikotin, mariwana oswa lòt dwòg, osibyen yon varyete konpozisyon odè/gou. Yo chofe likid la pou fè l tounen yon aewosòl yo kapab aspire. Rechèch syantifik endike izaj e-sigarèt, aspiratè ak lòt ekipman similè kapab genyen konsekans negatif sou sante itilizatè yo.

Règleman 5.1812 ak 5.1813 Kòd Konduit Elèv yo adrese pwoblèm sigarèt elektwonik ak aspiratè. Nou vle raple kominote lekòl la, pote sigarèt elektwonik oswa nenpòt ekipman pou fimèn nan lekòl la **fòmèlman entèdi**. **Elèv pa dwe mande, itilize, oswa genyen sou yo, oswa nan machin yo, sigarèt elektwonik, aspiratè, oswa okenn lòt ekipman ki itilize nikotin, oswa ekipman pou fimèn, okenn pwodi ki gen rapò avèk fimèn, ni okenn akseswa tankou briki, likid elektwonik, vaporizatè, papye sigarèt, elatriye. Y ap trete vyolasyon règleman sa a menm jan ak izaj Tabak oswa Dwòg, tou depan kontni atik yo dekouvri a.**

Anba la a, genyen kèk egzanp ak kisa sigarèt elektwonik yo sanble. Tanpri, remake se pa tout koulè ak fòm sigarèt elektwonik yo ki reprezante. Genyen plis enfòmasyon nan paj entènèt *U.S. Food and Drug Administration* sou pwodi Tabak. Men lyen ki mennen nan paj la:

<https://www.fda.gov/TobaccoProducts/Labeling/ProductsIngredientsComponents/ucm456610.htm>



Sensèman,

Eddie Ruiz, Ed.D.

Asistan Sipèentandan - SSEA

JE/ER:ml

The School District of Palm Beach County
A Top-Rated District by the Florida Department of Education Since 2005
An Equal Education Opportunity Provider and Employer